

## KESENIAN JIDOR SENTULAN ING DUSUN SENTULAN, DESA BONGKOT, KAB.JOMBANG (TINTINGAN FOLKLOR)

**Nonie Boedi Varienda, Dra. Sri Sulistiani, M.Pd**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

Nonieboedivarienda@yahoo.co.id

### Abstrak

Folklor iku perangan saka kabudayaan. Folklor yaiku saperangan kabudayan kolektif kang sumebar lan diwarisake kanthi turun-temurun kanthi cara tradhisional. Folklor kaperang dadi telung jinis, yaiku folklor lisan, folklor saperangan lisan, folklor dudu lisan. Panliten iki kalebu jinis folklor dudu lisan amarga dijlentrehake kanthi cara tuladha (praktek) lan dijangkepi gerak isyarat (tari). Kesenian Jidor Sentulan iki salah sawijine kesenian kang ngrembaka wiwit biyen nganti saiki ing Kabupaten Jombang. Bab kang narik kawigaten saka panliten iki, antarané yaiku kesenian iki kairing sholat Nabi, lan upacara ritual kang ndudohake panyawijen antarané animisme lan dinamisme. Kajaba iku ing kesenian iki uga minangka sarana kanggo syiar agama Islam.

Bab kang dadi underane panliten iki, yaiku : (1) Kepriye mula bukane madegé Kesenian Jidor Sentulan?; (2) Kepriye wujud lan makna ubarampe Kesenian Jidor Sentulan ?; (3) Kepriye tata rakite Kesenian Jidor Sentulan ? ; (4) Kepriye pigunane Kesenian Jidor Sentulan?; (5) Kepriye owah gingsere budaya sajroné Kesenian Jidor Sentulan?.

Panliten iki nduweni paedah ing antarané, yaiku: (1) Panliten iki dikarepake bisa kanggo nambah wawasan sajroning nyinaoni budaya Jawa; (2) Kanggo nuwuhake rasa perduli marang warisan kabudayan Kesenian Jidor Sentulan supaya ora muspra katerak jaman; (3) Kanggo nambah wawasan supaya para pamaos lan panulis bisa mangerteni lan luwih nggatekake maneh marang lestariné kesenian tradhisional, mliginé Kesenian Jidor Sentulan; (4) Kajian iki dikarepake kanggo menèhi *informasi* tumrap pemerintah dhaerah supaya seni budaya dhaerah ing Desa Bongkot, kecamatan Peterongan, Kabupaten Jombang iki bisa tetep ngrembaka.

Teori kang digunakake kanggo nintingi objek panliten iki, yaiku panliten folklor. Bab wujud lan makna ubarampe panliten iki nggunakake teori folklor Brunvard kang ngandharake wujudé folklor kang diperang dadi telung warna, yaiku : (1) folklor lisan (*menifact*), (2) folklor saperangan lisan (*sosiofact*), (3) folklor dudu lisan (*artifact*). Babagan piguna nggunakake teori konsepe Bascom ngandharake yen pigunane folklor ana papat. Ngenani konsep owah-owahane kabudayan digunakake teori konsepe Sukarman. Panliten iki ditintingi kanthi metodhe dheskriptif kualitatif. Dhata kang diklumpukake ing panliten iki awujud tembung-tembung utawa ukara lan gambar. Kanggo nemokake dhata kang *valid*, dhata diklumpukake kanthi observasi, wawanrembug lan dhokumentasi.

Pratelan asile panliten iki njlentrehake ngenani *Owah Gingsire Budaya sajroné Kesenian Jidor Sentulan* yaiku babagan gegambarane Desa Bongkot, mula bukane Kesenian Jidor Sentulan kang dadi sumber sejarah mlebu agama Islam ing Dusun Sentulan, Desa Bongkot. Wujud lan makna ubarampe ing panliten iki, yaiku ana sandhingan, omben, tumpeng, cok bakal, menyan, kendhi. Tatarakite Kesenian Jidor Sentulan yaiku urutan pagelaran saka wiwitan nganti pungkasan. Piguna ing panliten iki, yaiku minangka sarana dhakwah agama Islam, minangka sarana upacara adat, minangka ngugemi nadzar, minangka panglipur, dene *Owah gingsire Kesenian Jidor Sentulan* iki, yaiku ing babagan ubarampe, paraga, busana lan piguna.

### PURWAKA

#### Lelandhesan Panliten

Saben kabudayan nduweni titikan kang beda karo kabudayan liyané. Pambédane kaasilake saka olah tangane lan pangalaman-pangalamane masyarakat panyengkuyung kabudayan kasebut. Kabudayan ora bisa tuwuh tanpa masyarakat panyengkuyunge. Wujudé bisa owah saka *reaksi* masyarakat marang alam utawa lingkungan sakiwa-tengen. Kabudayan mujudake asil saka sakabehe kawruh manungsa minangka makhluk sosial kang digunakake kanggo mahami lan mangerteni lingkungané.

Kesenian mujudake salah sawijine unsur kabudayan *universal*. Kesenian minangka salah sawijine asil budaya masyarakat kang ora madeg dhewe, nanging mujudake asil saka pepenginané manungsa babagan kaendahan kang bisa dening pancaindra paningal lan pangrunguné manungsa, saéngga bisa ngasilake maneka

warna wujud kesenian kang *kompleks* (Ramdani, 2008:108)

Budaya utawa kabudayan kadadéyan saka Basa Sansekerta, yaiku *buddhayah* lan minangka wujud jamak saka *buddhi* (akal), kang ditegesi minangka bab-bab kang nduweni gegayutan karo budi lan akale manungsa. Yen katitik saka basa Inggris, budaya sinebut *culture*, yaiku ngolah utawa nglakoni. Kabudayan utawa kultur yaiku sakabehe pamikiran lan piranti kang digawe utawa diciptakake manungsa sajroné pangrembakane sejarah (Ramdani,2008:95)

Kesenian rakyat utawa bisa uga diarani seni tradhisional tuwuh lan ngrembaka ing padesan lan nduweni gegayutan kang raket karo masyarakat. Kesenian rakyat biyasane ora adoh saka masyarakat panyengkuyunge. Kesenian ora bisa uwal saka masyarakat minangka salah sawijine kang wigati saka kabudayan lan uga minangka wujud kreativitas saka kabudayan iku dhewe. Andharan kang kaya mangkono uga kedadeyan ing Kesenian Jidor Sentulan (sabanjure dicekak KJS).

Alasan kang njalari panliti nlti KJS kang sepisan, yaiku KJS dadi sumber sejarah mlebu agama Islam ing Dusun Sentulan Desa Bongkot. Jalaran, jaman mbiyen sadurunge ana KJS masyarakat Sentulan isih manut kapitayan saka leluhur, nganti sawijine dina ana pawongan saka Demak kang ngungsi ing tlatah wetan amarga ana perang Diponegoro. Pawongan saka Demak kasebut kang ngenalake agama Islam marang masyarakat Sentulan lumantar KJS, saengga ndadekake masyarakat ing desa kasebut gelem mlebu agama Islam.

Kaloro, yaiku anane panyawijen *animisme* lan *dinamisme*. *Animisme* yaiku wong kang isih percaya karo bab ghaib (<http://brainly.co.id/tugas/115195>, 13 maret 2015). *Animisme* ing kene yaiku nuduhake KJS isih nggunakake menyan kanggo ngendelekake paragane KJS kang kesurupan. *Dinamisme* yaiku kapitayan tumrap barang keramat. *Dinamisme* ing kene yaiku nuduhake yen KJS isih nggunakake pecut lan menyan kanggo ngobati paragane KJS.

Katelu, yaiku kanggo nglestarekake kesenian tradhisional. Anane pangrembakane jaman kang tansaya maju, panliti nduweni pangajab saka asile panliten iki supaya para generasi mudha bisa kenal kesenian tradhisional ing kutha Jombang mligine KJS supaya ora katerak jaman. Kang pungkasan, amarga objek panliten iki ora adoh saka papan panggonan panliti.

KJS tuwuh kira-kira ing taun 1828 digawa utawa dirembakakake dening kyai saka Demak, kang ngungsi amarga nalika perang Diponegoro. Kyai mau banjur ngenalake agama Islam marang masyarakat Sentulan kanthi cara nampilake salah sawijine kesenian. Pungkasan masyarakat Sentulan bisa ngenut agama Islam. Kesenian iki dijenengake Jidor Sentulan amarga asale saka Desa Sentulan.

Sing wigati saka KJS iki yaiku prosesine. Titikane yaiku terangan, sholawatan, lan upacara ritual kang ndudohake panyawijen antarane *animisme* lan *dinamisme*. Menyan minangka ubarampe warisan zaman animisme. Saliyane iku, kang wigati saka KJS iki, yaiku minangka sarana kanggo ngarak temanten uga bocah kang sunat.

Paraga utama ing KJS iki, yaiku jepaplok kang nggambarake macan kumbang kang diarani Kumbang Semendung. Kumbang Semendung iki diparagakake wong loro, siji nyekel ndhase Kumbang Semendung, dene sing keloro nyekel buntute. Paraga tambahan liyane, yaiku Kethek, Macan lan sapanunggalane. Sadurunge pagelaran para paraga kudu nindakake ritual kang dipimpin dening pawang.

Ana penari cacah sanga ing antarane, yaiku jepaplok, penthul, tembem, kethek cacah loro,

prawiroguna, macan, gendruwon lan bantengan cacah siji. Iringan kang digunakake cacah lima, ing antarane yaiku jidor lan kendhang cacah siji lan terbang cacah telu. Jidor yaiku alat musik kaya bedhug sing digawe saka kulit kewan lan kayu. Saliyane iku, kesenian iki uga kairing lelagon sholawat Nabi, jalaran mula bukane kesenian iki nalika iku kanggo sarana dakwah agama Islam lan kanggo upacara adat.

Udaka taun 2007 KJS iki ana owah-owahan babagan busana, piguna, lan paragane. Busanane kang digunakake dening paragane luwih apik lan maneka warna. Piguna utamane wis ora kanggo ngenalake ajaran Islam maneh, ananging kanggo sarana panglipur. Paragane luwih akeh lan regeng. Anane owah-owahan iki, amarga seniman Desa Sentulan nduweni pepeningan amrih kesenian iki ora ilang katerak jaman.

Salaras karo pangrembakane jaman, KJS kudu tetep dilestarekake ing masyarakat bebrayan panyengkuyunge. Sanajan, mlebu *media elektronik* uga nggawa pangaribawa kang gedhe tumrap masyarakat kanggo nyengsemi budaya modern. Kahanan kaya mangkono iku bisa ndadekake masyarakat mligine generasi mudha lali karo budaya-budaya kang samesthine isih kudu diuri-uri, kayata budaya kesenian tradhisional KJS iki kang kudu tetep diuri-uri.

Adhedhasar andharan kasebut, saperlu nguri-nguri lan nglestarekake KJS supaya ora kalindhes budaya manca, panliti nindakake panliten kanthi irah-irahan “*Owah Gingsire Budaya sajrone Kesenian Jidor Sentulan*”. Panliten iki kalebu panliten kualitatif. Saweruhe panliti durung ana kang nlti objek kanthi titingan folklor. Panliti nggunakake titingan folklore, amarga objek kasebut kalebu jinis folklor dudu lisan yaiku objek iki ditindakake kanthi cara tuladha (praktik) lan dijangkepi gerak isyarat kang arupa tarian. Panliten iki bakal njlentrehake mula bukane KJS, wujud, piguna, tata rakit lan owah gingsire KJS.

#### Underane Panliten

Adhedhasar andharan lelandhesan panliten, underane panliten iki, yaiku:

- 1) Kepriye mula bukane madege KJS?
- 2) Kepriye wujud lan makna ubarampe KJS ?
- 3) Kepriye tata rakite KJS ?
- 4) Kepriye pigunane KJS tumrap masyarakat panyengkuyunge ?
- 5) Kepriye owah gingsere budaya sajrone KJS?

#### Tujuwan Panliten

Panliten iki nduweni tujuwan :

Tujuwan umum:

Tujuwan umum panliten yaiku ngonceki kahanane KJS ing desa Bongkot, Kecamatan Peterongan, Kabupaten Jombang kanggo masyarakat kang durung kenal marang kesenian iki. Pangajabe amrih bisa nuwuhake rasa seneng lan rasa nduweni tumrap KJS iki. Sabanjure, panliten iki bisa digunakake minangka dhokumen wujud tulisan sing bisa mbiyantu nglestarekake budaya bangsa, lan migunani kanggo IPTEKS.

Tujuwan khusus:

- Tujuwan khusus KJS, ing antarane :
- 1) Ngandharake mula bukane madege KJS.
  - 2) Ngandharake wujud lan makna ubarampe KJS.
  - 3) Ngandharake tatarakite KJS.
  - 4) Ngandharake pigunane KJS tumrap masyarakat panyengkuyunge.
  - 5) Ngandharake owah gingsire budaya sajrone KJS.

#### Paedahe Panliten

Paedah saka panliten iki yaiku :

- 1) Kanggo nambah wawasan sajroning nyinaoni budaya Jawa.
- 2) Kanggo nuwuhake rasa preduli marang warisan kabudayan KJS supaya ora muspra katerak jaman.
- 3) Kanggo nambah kawruh amrih para pamaos lan panulis bisa mangerteni lan luwih nggatekake maneh marang lestarine kesenian tradhisional.
- 4) Kanggo menahi *informasi* tumrap pemerintah dhaerah amrih bisa mutusake kabijakan tumrap kesenian kang ngrembaka ing desa Bongkot, kecamatan Peterongan, Kabupaten Jombang.

#### Panjltrehanane Tembung

Panjltrehanane tembung iki nduweni pangajab supaya ora ana lupute pamawas sajrone panliten. Tetembungan kang kerep digunakake sajrone panliten iki, ing antarane yaiku:

- 1) Kabudayan yaiku sakabehe gagasan, rasa, sarta olah ciptane manungsa ing bebrayan kang kudu dikulinakake lan ditindakake kanthi cara sinau (Koentjaraningrat, 1987:9)
- 2) Wujud yaiku samubarang kang nduweni bentuk bisa dicekel lan dirasakake (Poerwadarminta, 1976)
- 3) Makna yaiku teges utawa maksud kang kinandhut sajrone bab tartamtu (Poerwadarminta, 1976)
- 4) Fungsi yaiku piguna kang diduweni sawijine barang (Pranowo dkk,2001:821)
- 5) Owah yaiku salin kahanan utawa malih dadi beda karo kawiwitane. Owah-owahan tegese molah-malihe kahanane (Poerwadarminta, 1939 : 454)
- 6) Gingsir yaiku molah-malih kahanane, nganti beda karo sakawitane (Poerwadarminta, 1939 : 454)
- 7) Owah-owahaning kabudayan yaiku budaya kang owah kairing karo lumakune jaman
- 8) Kesenian yaiku wohe budi manungsa kang ngandharake nile kaendahan lan kaluhuran kang bisa ngrasuk ing rasa kamanungsan ing sakiwa tengene (Soemarjan, 1980:23)
- 9) Kesenian tradhisional yaiku kesenian warisan leluhur kang urip lan ngrembaka kanthi cara turun-temurun (Sedyawati, 1981:48)
- 10) Jidor yaiku salah sawijine alat musik kaya bedhug sing digawe saka kulit kebo, sapi utawa wedhus,

- dene pinggire digawe saka kayu ( KBBI, 1996: 414)
- 11) Sentulan yaiku salah sawijine arane Dhusun ing desa Bongkot, Kecamatan Peterongan, Kabupaten Jombang.

#### TINTINGAN KAPUSTAKAN

##### Kabudayan

Budaya dumadi saka basa Sansekerta *buddhayah*, wujud kang nduweni teges “‘budi’ utawa ‘akal’”. Dadi, kabudayan minangka bab kang nduweni gegayutan karo budi utawa akal. Saliyane iku, ana kang nyebutake yen kabudayan asale saka tembung *budi-daya*, kang tegese “daya saka budi”, saengga budaya dibedakake karo kabudayan. Kanthi mangkono budaya ditegesi minangka dayane akal arupa cipta, rasa, lan karsa (Koentjaraningrat, 1990:181).

Kabudayan Jawa raket banget karo nilai-nilai lan babagan kang asipat filosofis, kayata upacara ritual adat. Yen dideleng ritual adat mung arupa slametan utawa kendhuren kanthi maneka macem panganan lan sarat, nanging nyatane uga ngandhut tujuwan kang mligi. Adhedhasar panjltrehanane kasebut bisa dimangerteni yen kabudayan nduweni gayutan antarane unsur siji klawan liyane.

Saka pamawas para ahli kasebut, bisa didudut kabudayan minangka salah sawijine sistem kang sakabehe nduweni tata cara lan aspek saperlu menahi teges tumrap laku ujaran, laku ritual lan maneka jinis laku utawa tumindak liyane.

##### Kesenian

Kesenian dumadi saka tembung lingga “seni” oleh ater-ater /ke-/ lan panambang /an-/. Kesenian yaiku kamampuan pawongan utawa klompok kanggo ngripta *impuls* kang lumantar salah sawijine unsur panca indera kanggo ngrasukake rasa alus orane sawijine kesenian miturut manungsa ing sakiwa tengene (Soemarjan, 1980:19)

Kesenian nduweni teges asil budine manungsa sajrone mratelakake nilai-nilai kaendahan lan kaluhuran kang bisa ngrasuk ing pangrasane manungsa. Pangrembakane kabudayan lan kesenian sarta proses panguripan ing masyarakat minangka salah sawijine unsur sajrone kabudayan. Kesenian bakal ngalami panguripan kang *statis* lan asipat tradhisionalistik, nanging suwalike kesenian bakal ngrembaka yen kabudayan uga nduweni sipat kang tinarbuka tumrap saben pangrembakane jaman lan owah-owahan kabudayan kang ana sajrone masyarakat kasebut ( Soemarjan, 1980:23).

Adhedhasar pamawas para ahli kasebut, bisa didudut yen seni yaiku samubarang kang endah saka asil karyane manungsa kang bisa nglegakake pangrasa lan batin kanggo medharake rasa kaendahan kasebut.

##### Piguna Kesenian

Humardani (1982:2 ) ngandharake panguripan kesenian sajrone piguna primer, yaiku salah sawijine wujud panghayatan sakabehe pangangen-angen babagan rohani. Sipate mantep, khas, ora bisa diganteni karo

kagiyatan liyane. Sipat pangangen-angen iki nyebabake bab kreatifitas dadi masalah pokoke. Sajrone piguna primer iki seni yaiku salah sawijine wujud pribadi kita kang satemene. Ana piguna kanggo hiburan, penerangan, pendhidhikan, propagandha lan liya-liyane.

Saka andharan kasebut, bisa dijlentrehake yen seni yaiku wujud pangrasa, nanging karya seni ora mesthi bisa nggawe rasa nyengsemake lan bungah tumrap sing nyawang.

### Kesenian Tradhisional

Miturut panemu Sedyawati (1981:48) kesenian tradhisional ngandhut sakabehe babagan kan kaiket dening wujud pangetrapan kang tansah dibolan-baleni. Kesenian tradhisional dumadi saka rong tembung, yaiku kesenian lan tradhisional.

Koentjaraningrat (1990:90) ngandharake yen kesenian tradhisional saben dhaerah nduweni titikan uga adat istiadat kang beda. Babagan iki bisa di deleng saka titikane, yaiku :

- a. Nduweni panemu kang kolektif ing masyarakat
- b. Tema, panemu, utawa wujud ngandhut titikan mligi kang diduweni dening klompok masyarakate.
- c. Panemu kolektif kasebut, minangka wujud saka rasa bombong saperangan masyarakat ing dhaerah kasebut.
- d. Anane pamawas saka wong utawa masyarakat liya sajrone interaksi sosial.

Saka panemu para ahli kasebut, bisa didudut yen kesenian tradhisional yaiku wujud seni kang kaiket karo tradhisi kanthi wujud pangetrapan sing dibolan-baleni. KJS minangka kesenian sing tuwuh lan asil saka pamikire masyarakat kanthi cara turun-temurun, uga kalebu kesenian tradhisional.

### Folklor

Kanthi *etimologis* tembung folklor minangka jarwan saka tembung Inggris *folklore*, sing asale saka rong tembung yaiku *folk* lan *lore*. *Folk* yaiku saklompok wong sing nduweni titikan fisik, sosial lan kabudayan, saengga bisa dibedakake dadi klompok-klompok liyane. *Lore* minangka tradhisi saka *folk*, yaiku saperangan kabudayan sing diwarisake kanthi turun-temurun lumantar cara lisan lan sapiturute (Danandjaja, 1986 : 1-2). Mula saka iku, bisa diarani yen folklor iku saperangan kabudayan kolektif kang sumebar lan diwarisake kanthi turun-temurun kanthi cara tradhisional.

Miturut Brunvard (sajrone Dananjaja, 2002:21) folklor kaperang dadi telung jinis, yaiku a) folklor lisan yaiku folklor kang wujud asli lisan, kayata, basa rakyat, ungkapan tradhisional, crita prosa rakyat lsp; b) folklor saperangan lisan yaiku folklor kang wujud minangka campuran unsur lisan lan dudu lisan kayata, kapitayan rakyat, teater rakyat, adat istiadat lsp; c) folklor dudu lisan yaiku folklor kang wujud dudu lisan, senajan diajarake kanthi cara lisan. Folklor dudu lisan dijlentrehake kanthi cara tuladha (praktik) lan dijangkepi gerak isyarat kang awujud tarian.

Adhedhasar andharan kasebut, bisa didudut yen KJS kalebu folklor dudu lisan, amarga panyebarane diwarisake kanthi cara tuladha (praktek) lan dijangkepi gerak isyarat kang awujud tarian.

### Konsep Piguna

Konsep piguna folklor dipangrasani dening para ahli, ing antarane William R. Bascom lan Alan Dundes. Para ahli mau nduweni pangerten kang beda amarga lelandhesan ilmu filosofis, daya pamawase, lan daya imajinasi kang beda.

Miturut Bascom (sajrone Danandjaja, 1986:19) ngandharake yen pigunane folklor ana papat, yaiku (1) kanggo sistem proyeksi utawa kacabenggala angen-angen salah sijine kolektif, (2) kanggo alat pangolahan pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan, (3) sarana pendhidhikan, lan (4) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi supaya aturan bebrayan tetep bisa diugemi.

Saka pamawas para ahli kasebut, bisa dimangerteni yen tradhisi budaya Jawa nduweni piguna kang gedhe tumrap tumindake masyarakat, yaiku nduweni piguna kang bisa ndadekake tradhisi kasebut tetep ana lan ora ilang senajan wis kaprabawan jaman modern.

### Owah-Owahan Budaya

Owah-owahaning kabudayan, miturut Sukarman (2006:37) umume kaperang dadi telung tahap, yaiku 1) tahap selekti ;2) Tahap adhaptif; 3) Tahap akulturasi. Saliyane iku, uga ana owah-owahan budaya kang disebabake dening faktor njero (*internal*) lan njaba (*eksternal*). Faktor internal diperang dadi loro yaiku *discovery* lan *invention*. *Discovery* yaiku minangka panemu kanthi cara ora sengaja lan *invention* uga asil panemu, nanging kanthi usaha kang sadhar lan disengaja. Faktor eksternal diperang dadi telu yaiku difusi, akulturasi lan asimilasi (Sukarman, 2006:38).

Kabudayan mujudake bab kang sipate *dinamis*, saengga ora bisa uwal saka owah gingsir kabudayan kasebut. Owah gingsir kabudayan iku ora mesthi ana, budaya bisa owah iku amarga anane owah-owahan jaman kang samesthine. Mula sejatine kabudayan iku ora ana kang *statis* (ora owah), amarga budaya bisa owah iku mbutuhake wektu kang suwe (Maran, 2007:50).

### Lelandhesan Teori

Kanggo ngonceki prekara saka underane panliten diperlokake teori-teori kang bisa digunakake. Lelandhesan teori kang digunakake kanggo nitingi objek panliten iki, yaiku panliten folklor. Kesenian tradhisional Jidor Sentulan kalebu folklor dudu lisan, amarga dijlentrehake kanthi cara tuladha (praktek) lan dijangkepi gerak isyarat kang arupa tarian.

Babagan piguna tumrap KJS dititingi nggunakake modhifikasi panemune Bascom lan Dundes. Sajrone analisis piguna kasebut bakal nggayutake kahanan kang nyata ing lapangan karo konsep piguna kang wis ana supaya tinemu piguna kang trep karo kahanan objek kang ditliti.

Ngenani konsep owah-owahan kabudayan digunakake teori konsepe Sukarman (2006:38). Owah-

owahan budaya disebabkan dening faktor njero (*internal*) lan njaba (*eksternal*).

## **METODHE PANLITEN**

### **Ancangan Panliten**

Ing Panliten iki nggunakake ancangan panliten dheskriptif kualitatif kang isine nggambarake panliten kanthi ringkes, lan anane masalah kang wis ana sajrone panliten kasebut. Saliyane iku, panliten iki uga ngandarake prakara-prakara kang ana gayutane saka KJS ing desa Bongkot.

### **Papan lan Objek Panliten**

Papan panggonan panliten KJS iki manggon ana ing sisih lor Peterongan. Desa iki kalebu desa cilik nanging padhet pendhudhuke. Lokasi kang digunakake kanggo panliten iki yaiku Dhusun Sentulan, manggon ing antarane sawah lan pinggire kali Brantas. Objek panliten iki yaiku KJS. Kang manggon ing dhusun Sentulan. Kahanan ing Desa Sentulan iki uga nyengkuyung banget.

### **Sumber Dhata lan Dhata Panliten**

#### **Sumber Dhata**

Miturut Moleong (2011:157) sumber dhata sajrone panliten ana loro yaiku sumber dhata primer lan sumber dhata sekunder.

Sumber dhata primer kang digunakake sajrone panliten iki yaiku Kesenian Jidor Sentulan. Sumber dhata sekunder ing panliten iki arupa photo lan video. Photo lan video ing panliten kualitatif iki nduweni paedah kang gedhe, amarga photo bisa menehi gambaran dheskriptif sing kerep digunakake kanggo nitingi unsur subjektif lan asile kerep dianalisis kanthi induktif.

Informasi ngenani KJS kang diolehi saka informan arupa tembung-tembung lan tumindake manungsa. Informan kang diajak wawanrembug dening panliti, yaiku (1) Bapak Kastim 45, minangka pimpinan KJS (2) Bapak Suhartono 64, minangka penata tari (3) Ibu Endang 40, minangka masyarakat (4) Ibu Kastik 35, minangka masyarakat desa Sentulan, (5) Bapak Sholeh 50, minangka pemain penthul, (6) Ibu Lailly Agustin SH, MSi minangka kepala Desa Bongkot.

#### **Dhata**

Dhata sajrone panliten iki yaiku awujud wawanrembug, rekaman lan observasi. Dhata panliten iki nyakup (1) dhata sejarah KJS, (2) aspek wujud KJS, (3) tata rakite pagelaran KJS, (4) owah-owahan budaya sajrone KJS.

### **Tatacara Nglumpukake Dhata**

Ana maneka warna metodhe kang bisa digunakake kanggo panliten, nanging ora sakabehe metodhe efektif digawe sajrone panliten. Kanggo nemokake dhata kang *valid*, mula kudu digatekake tata carane anggone nglumpukake dhata, yaiku kanthi observasi, wawanrembug lan dhokumentasi.

### **Observasi**

Observasi yaiku cara kanggo nglumpukake dhata kang nganakake panliten tumrap objek kang diteliti kanthi cara langsung utawa ora langsung.

Panliti nindakake langkah-langkah anggone observasi ing antarane, yaiku 1) panliti nekani panggonan pagelaran KJS, 2) panliti ndheleng langsung tata lakune pagelaran KJS, 3) panliti njupuk dhokumentasi adicara KJS. Saka observasi langsung panliti bisa luwih jero olehe ngandharake KJS kasebut. Mula saka iku, panliti nindakake observasi ing papan panggonan kanthi cara langsung. Supaya oleh dhata kang trep, jangkep lan cetha.

### **Wawanrembug**

Wawanrembug yaiku cara nglumpukake katrangan utawa informasi ngenani panguripane manungsa sajrone masyarakat (Sudikan, 2001:90).

Ing panliten iki panliti bakal nggunakake metode wawanrembug kanthi cara semi terstruktur, yaiku pitakonan wis disiyapake kanthi urut, banjur ditambahi pitakonan anyar kanthi tujuwan nggoleki katrangan kang luwih cetha saengga informan bisa menehi katrangan kang rowa. Saliyane iku panliti nggunakake wawanrembug informal lan wawanrembug terpimpin. Babagan iki dipilih amarga miturut panliti sing paling efektif ing teknik wawanrembug iki panliti bisa kanthi lancar angone wawanrembug karo informan.

### **Dhokumentasi**

Dhokumen wis suwe digunakake kanggo sumber dhata. Panglumpukan dhata kang nggunakake teknik dhokumentasi iki tujuwane kanggo nggolek dhata visual kang ana gegayutane karo objek panliten lan bukti otentik panliten. Ngenani metodhe dhokumentasi ing sajrone panliten KJS nggunakake piranti kayata, kamera *SLR*, *HP*, lan *Handycam*.

Dhokumen-dhokumen ing panliten iki yaiku babagan gambarane desa Bongkot, papan panggonan, photo informan lan sapanunggalane. Dhokumen-dhokumen kasebut bisa didadekake kanggo njangkepi bab andharan gegambarane objek. Tujuwane yaiku supaya kuwalitas panliten iki ora diragokake.

### **Instrumen Panliten**

Panliten KJS iki kalebu panliten lapangan kang mbutuhake instrumen panliten kanggo nyengkuyung asile dhata panliten. Ing panliten iki, kang dadi instrumen panliten yaiku panliti dhewe, amarga panliti kang bakal nganakake sarta nganalisis dhata panliten iki. Nalika nindakake panliten dibutuhake piranti-piranti ing antarane yaiku:

- a) Kamera digital kanggo njupuk gambar
- b) *Handycam* kanggo njupuk video nalika jidor tampil
- c) Pedhoman wawanrembug
- d) Buku cathetan lan pulpen kanggo nyathet bab-bab kang dianggep wigati nalika nganakake panliten ing lapangan.

## Teknik Analisis Dhata

Teknik analisis dhata kang bakal digunakake ing panliten iki yaiku teknik analisis dheskriptif. Teknik analisis dheskriptif yaiku tata cara ngonceki dhata kanthi nggunakake tetembungan dudu angka kang bisa menehi katrangan utawa andharan panliten adhedhasar dhata kang antuk saka subjek kang diteliti (Sudikan, 2001:85). Ing panliten kualitatif dhata sing digunakake yaiku awujud gambar lan ukara dudu angka.

Langkah-langkah analisis dhata ing panliten iki yaiku kaya mangkene :

a. Milah lan milih dhata adhedhasar underane perkara.

b. Nindakake klasifikasi lan kodifikasi, yaiku nglompokake dhata lan menehi kode-kode marang dhata-dhata miturut kagunane.

c. Analisis dhata selaras karo underane panliten.

d. Proses kang pungkasan, yaiku nyajekake dhata kang awujud dheskripsi ngenani KJS kanthi wujud draf skripsi.

## Prosedur Panliten

Prosedur panliten minangka urutan nalika anane panliten babagan KJS. Urut-urutan kasebut yaiku tahap nyiapake panliten, tahap tata laksanakan panliten, tahap pungkasan panliten. Kaya kang dijlentrehake ing ngisor iki.

### 1) Tahap nyiapake panliten

Tahap nyiapake proposal panliten, ing antarane pamilihing irah-irahan, nggawe proposal, seminar proposal banjur konsultasi karo pembimbing. Saliyane iku uga nyiapake instrumen panliten ing lapangan.

### 2) Tahap Tata Laksanane Panliten

Tahap tata laksanakan panliten ing antarane yaiku nglumpukake dhata, sawise iku diperang adhedhasar klasifikasi dhata lan jinise, banjur dianalisis adhedhasar underan kang wis ana.

### 3) Tahap Pungkasan Panliten

Tahap kang pungkasan yaiku nyampurnakake asiling analisis dhata kanthi cetha awujud draf skripsi.

## ANDHARAN ASILING PANLITEN

### Gegambaran Desa Bongkot

Dhusun Sentulan manggon ing desa Bongkot, Kecamatan Peterongan, Kabupaten Jombang. Jarak dhusun iki saka kecamatan watara 3,5 Km oleh lore kecamatan, dene saka kabupaten watara 8,5 Km oleh wetane Kabupaten.

Ambane dhusun Sentulan 704 ha, perumahan lan pekarangane watara 281,6 ha, dene sawah watara 422,4 ha lan kang 70,4 ha kanggo liya-liyane. Lemah pekarangan ing sakiwa tengene omah biyasan digunakake minangka kebon kanggo nandur pelem, ngingu pitik utawa sapi lan ditanduri tela pohong, dene sawahe biyasan ditanduri pari, tebu, lan jagung.

## Pendhudhuk Desa Bongkot

Adhedhasar dhata taun 2014/2015 pendhudhuk Desa Bongkot cacah ana 4.582 jiwa, kaperang saka 2333 wong lanang lan 2249 wong wadon. Yen dideleng saka adhedhasar umur cacah pendhudhuk paling akeh ana ing umur 46 – 50 taun yaiku 940 pawongan lan cacah pendhudhuke sing paling sithik yaiku ana ing umur 0 – 12 sasi yaiku 64 wong. Dadi, saka cacah pendhudhuk 4.582 jiwa mung 0,5 % kang dadi anggota KJS, dene sisane 99,5 % dadi panyengkuyunge KJS.

### Sistem Pangupajiwa

Adhedhasar dhata saka kantor Kepala Desa Bongkot taun 2015. Dideleng saka sistem pangupajiwane masyarakate akeh kang dadi buruh tani. Supaya luwih cetha bisa dideleng tabel ing ngisor iki:

Tabel 3.

Sistem Pangupajiwa Pendhudhuk Dhusun Sentulan Taun 2014/2015

NO	Mata Pencaharian	Jumlah
1.	Petani	1056
2.	Buruh tani	1221
3.	Pegawai Negeri	16
4.	Angkutan	4
5.	Pensiunan	29
6.	Tukang kayu / batu	105
7.	Pedagang	71
8.	ABRI / TNI	9
9.	Lain-lain	-
	Jumlah	2.511

Gegayutan karo sistem pangupajiwane, pranyata anggota klompok KJS pakaryane minangka petani. Asil saka tani lan buruh tani ora sepira akeh, saengga adhedhasar kahanan kang kaya mangkono kang bisa mbiyantu klompok KJS nggolek tambahan dhapak minangka paraga KJS. Kejaba saka iku, liyane nggunakake kesempatan kanthi dodolan nalika ana pagelaran KJS.

### Pendhidhikan

Sarana pendhidhikan ing dhusun Sentulan bisa diarani wis nyukupi. Sarana pendhidhikan umum lan khusus sing ana ing Dhusun Sentulan kang ana, yaiku Taman Kanak-kanak (TK), Sekolah Dasar (SD), lan Madrasah Tsanawiyah (Mts). Kanggo bocah SD bisa sinau ing SDN Sentulan utawa SD liya kang isih nunggal tlatah karo desa Bongkot penere udakara 200 meter saka bale desa. Yen sekolah SMA ana ing Kecamatan Peterongan udakara 3km saka Dhusun Sentulan, dene pawiyatan luhur ana Universitas Darul Ulum (UNDAR), Sekolah Tinggi Ilmu Kependidikan (STIKP), Sekolah Tinggi Ilmu Ekonomi (STIE), Akademi Keperawatan (AKPER) lan sapiturute kang manggon ing kabupaten Jombang. Umume pendhidhikane masyarakat Sentulan sing wis kerja lan wis bale somah mung tamatan SD. Bab iki beda karo generasi mudha ing jaman saiki kang wis luwih dhuwur pendhidhikane, nanging ana kang tamatan SMA lan pawiyatan luhur.

### **Adat Istiadat**

Adat istiadat minangka salah sawijine wujud kabudayaan kang isih ditindakake dening masyarakat Sentulan. Adat istiadat uga bisa diandharake minangka pakulinan, paugeran lan norma-norma kang ana ing sajrone masyarakat. Adat istiadat uga bisa digunakake minangka piranti ngontrol kagiyatan sosial kemasyarakatan, saengga masyarakat tetep lumaku ana ing paugeran utawa norma kang disarujuki bebarengan.

Masyarakat Dhusun Sentulan bisa diarani cukup anggone mertahanake lan ngrembakakake budaya mligine nilai-nilai lan norma-norma tradhisional. Bab iki bisa dideleng saka lumakune adat istiadat kaya ing ngisor iki :

- a) Mengengan yaiku upacara slametan kang ditindakake nalika wiwitan pasa ramadhan utawa ing pungkasane sasi ruwah.
- b) Sepasaran yaiku upacara pengetan dina kaping lima kelairan bayi, lan selapanan yaiku upacara sawise telung puluh lima dina kelairan bayi kasebut.
- c) Nadzar yaiku upacara kang ditindakake amarga salah sawijine janji saka pawongan nalika pepingane dijabahi dening Gusti kang Maha Kuwasa.

Saliyane upacara-upacara ing ndhuwur, ana uga pakulinan-pakulinan kang asring ditindakake dening masyarakat Sentulan, ing antarane yaiku :

- a) Ngendhang wong kang lagi lara
- b) Gotong Royong
- c) Sumbangan

Andharan ing ndhuwur nuduhake yen sesambungan anggota masyarakat Dhusun Sentulan raket lan rukun. Senajan kaya mangkono, uga ana pawongan siji utawa loro sing ora melu pakulinan masyarakat kasebut. Anggota masyarakat kang mangkono iku biyasane oleh sangsi utawa hukuman.

### **Agama lan Kapitayan**

Umume warga Dhusun Sentulan nganut agama Islam. Anggane nindakake syariat Islam uga padha yaiku kanthi taat ngibadah, kayata sholat wajib limang wektu, pasa, zakat lan haji tumrap kang mampu. Kahanan kasebut uga disengkuyung kanthi anane masjid kang cacah loro lan mushola kang cacah woluh. Saliyane iku, uga ana papan pawiyatan Qur'an (TPQ) minangka sarana pendhidhikan non formal kanggo bocah saumur TK nganti SD.

Gegayutan karo agama lan kapitayan, dideleng saka mula bukane KJS nduweni piguna utamane kanggo syiar Islam. Mula saka iku, bisa dimangerteni yen klompok KJS kabeh ngenut agama Islam. Pangaribawane pakulinan-pakulinan masyarakat Dhusun Sentulan tumrap KJS yaiku amrih KJS tetep lestari nganti ing tembe. Bab kasebut, amarga anggota KJS uga minangka panyengkuyunge. Dheweke uga masyarakat Sentulan kang melu ing saben kagiyatan utawa pakulinan ing Dhusun Sentulan kasebut. Kanthi kaya mangkono minangka anggota KJS kasebut bisa seduluran lan ngraketake sesambungan antarane warga Dhusun Sentulan.

### **Mula bukane KJS**

KJS yaiku salah sawijine wujud seni pagelaran rakyat kang urip lan ngrembaka ing sakiwa tengene masyarakat Dhusun Sentulan. Kahanan kesenian kasebut isih dilestarekake nganti tumekane saiki. Bab sapa pangriptane lan kapan kesenian iki karipta pranyata panliti kangelan anggane golek dhata. Kuwi amarga jidor Sentulan minangka asil saka kreatifitas bebarengan masyarakat panyengkuyunge.

“Udakara taun 1928 ing jaman perang Diponegoro, wektu penjajahan Walanda ing Demak geger, amarga perang kasebut akeh warga masyarakat Demak kang ngungsi ing tlatah liya. Ing sawijine dina nalika saperangan para pengungsi kasebut teka ing tlatah wetan kang isih bageyan Jawa Timur, tepatnya ing dhusun Sentulan amarga rumangsa papan iku aman pungkasane wong-wong kang ngungsi netep manggon ing Desa kasebut. Ing Sentulan kasebut wong-wong Demak iki rumangsa nemokake katentreman, dheweke urip rukun karo pendhudhuk asli senajan agamane beda” (Pak Suhartono, 8 November 2014)

Saka andharan kasebut bisa dimangerteni yen para pawongan saka Demak ngrasa aman nalika manggon ing Dhusun Sentulan. Pungkasane dheweke netep ing Dhusun Sentulan. Para pawongan saka Demak iki nganut agama Islam, dene masyarakat Sentulan ing jaman semana isih nganut kapitayan. Para pawongan saka Demak kasebut uga nduweni jejibahan kanggo syiar agama. Dheweke ngupaya nyiarake marang pendhudhuk Sentulan kaya kang ditindakake dening para wali.

Para wali nyiarake agama kanthi nggunakake medhia kesenian. Sajrone upayane iki wiwitan kang ditindakake yaiku mbangun langgar. Langgar iki diwangun dening Kyai. Sapa jeneng Kyai kasebut, panliti kangelan anggane golek dhata, amarga informan mung nyebut Kyai. Langgar iki minangka papan ibadhah kang tujuwane kanggo nuwuhake minate masyarakat Sentulan supaya ketarik lan bisa bebarengan sinau babagan agama Islam, nanging cara iki ora akeh nuwuhake asil kang becik. Banjur, Kyai ngripta sawijine kesenian kang arupa terbang sholatan kanthi iringan piranti musik terbang. Pranyata, upaya iki nuwuhake asil saperlu nglumpukake warga masyarakat Sentulan.

Sawise masyarakat saya wigati, banjur para pawongan Demak ngrembakakake kesenian kasebut dadi sawijine tarian. Tarian kasebut dumadi saka jepaplok, Penthul lan Tembem kang kairingi kanthi instrumen jidor, kendhang, lan terbang. Nalika masyarakat kumpul, banjur diwenehi ceramah agam. Sabanjure Kyai kasebut ngajokake taren marang masyarakat. Isi tarene Kyai kasebut yaiku sapa wae kang gelem sinau agama Islam nalika manten bakal dikarak iringan KJS. Mula akeh masyarakat Sentulan kang gelem mlebu Islam lan wiwit dina iku yen ana manten bakal kaarak nganggo kesenian jidor kasebut.

Upaya sabanjure kanggo nglestarekake KJS, klompok kesenian iki nganakake owah-owahan. Owah-owahan iki ora uwal saka masyarakat Dhusun Sentulan minangka panyengkuyunge. Kesenian Jidor Sentulan

kang ngalami owah-owahan, ing antarane yaiku owahe busana, piranti musik lan cacahé paraga. cacahé paraga kang wiwitane sepuluh, owah dadi nembelas wong. Para 16 kasebut ndhapuk minangka pemain musik cacahé 5, penari jepaplok cacahé 2 (bageyan sirah lan buntut), penari Penthul 1, penari Tembem 1, Prawiroguna 1, penari kethék 2, penari macan 1, penari gendruwon 1 lan banthengan 2.

## Unsur Panyengkuyung Pagelaran KJS

### *Sandhingan*

#### (1) Gedhang Raja

Gedhang raja yaiku gedhang kang paling apik utawa pilihan. Gedhang raja minangka gedhang kang nduweni makna supaya manungsa iku bisa sukses lan kasil.

“Gedhang iku artine mbuak sangkale sing nduwe kajat, digeget karo gedhang. Gedhang sing digawe sandhingan biyasane gedhang raja tapi, saiki wis ora kudu gedhang raja kadhang ya gedhang saba. Asline sing paling apik ya gedhang raja ning ya larang mbak. (Pak Sholeh, 18 Pebruari 2015)

Adhedhasar andharan kasebut pranyata, gedhang raja uga nduweni makna kang ngemu piwulang tumrap para bocah nom-noman supaya ora lali marang welinge leluhur kang kebak makna.

#### (2) Klapa Tuwa

Klapa uga kalebu ubarampe sajrone sandhingan. Klapa sing digunakake kudu klapa tuwa. Tuwa ing kene ditegesi sesepuh. Bab iku kaya kang diandharake dening Pak Sholeh iki.

“Klapa sing digawe sandhingan kudu klapa tuwa, tuwa iku sesepuh. Mula, manungsa iku kudu luwih ndhisik ngormati sesepuh. Klapa iki maknane dipecah supaya pecah pikire sing mecah. Sing mecah biyasane bocah sing disunat utawa salah siji wong tuwane.” (Pak Sholeh, 18 Pebruari 2015)

Adhedhasar andharan kasebut, bisa dimangerteni yen klapa tuwa ing kene nggambarake yen manungsa iku kudu ngormati wong tuwa utawa sesepuh.

#### (3) Jajan Pasar

Jajan pasar minangka salah sawijine ubarampe kang ana ing sajrone sandhingan. Jajan pasar nduweni makna supaya guyub rukun sajrone urip bebrayan. Bab kasebut kaya kang diandharake dening Pak Sholeh kaya ing ngisor iki.

“Jajan pasar nduweni arti serana (kula lan sing nduwe kajat) klakon olehku nduwe kajat wis tak suwurake, kabeh masyarakat tak klumpukna dadi siji ing kene, muga-muga slamet klawan awan lan dalu, muga-muga akeh rejekine lan adoh blahine. (Pak Sholeh, 18 Pebruari 2015)

Adhedhasar andharan kasebut, bisa dimangerteni yen jajan pasar iku mujudake simbol wong kang beda-beda. Tegese yaiku beda adhedhasar umure, sipate, penggaweyane lan sapanunggalane. Kabeh kuwi bisa ngumpul kabeh dadi siji ing pagelaran KJS.

#### (4) Kembang Setaman

Kembang setaman uga minangka syarat sawijine ubarampe kang kalebu ing njerone sandhingan. Kembang setaman wujudé ana maneka warna.

“Nyekarake muga-muga mekara sampek gemlebyar amba, ambune gandane wangi minangka aku bebarengan nyambut gawe” (Pak Sholeh, 18 Pebruari 2015)

Adhedhasar andharan Pak Sholeh, bisa dimangerteni yen simbol ganda arume kembang setaman kasebut ndadekake klompok KJS lan kang nduwe kajat nduweni pangajab supaya mengko sajrone acara KJS kang ndeleng akeh.

#### (5) Endhog

Endhog sajrone sandhingan iki nduweni makna supaya manungsa bisa suci madhep mantep marang Gusti kang Maha Agung. Bab kasebut cundhuk karo andharan Pak Sholeh ing ngisor iki.

“Endhog iku lak bunder, njerone ana sing putih lan kuning. Rong warna sing beda iku nuduhake asale manungsa. Putihe endhog nduweni makna yaiku suci madhep mantep karo sing nggawe urip, nek kuninge artine ngekungna sing urip bebrayan sak munu suwene wis keturunan putraku sing tak sunatna.” (Pak Sholeh, 18 Pebruari 2015)

Adhedhasar andharan kasebut, bisa dimangerteni makna saka endhog Jawa nggambarake asale manungsa. Gambarane manungsa ing kono karepe yaiku kanggo pambada. Kaya endhog kang njerone beda warnane.

#### (6) Beras

Beras sing digawe ing kene bisa beras apa wae. Anane beras sajrone sandhingan nduweni makna supaya ngeber-ngeberi utawa ngikhlaskan samubarang kang wis ilang kasebut. Bisa dideleng andharan Pak Sholeh iki.

“Beras nduweni arti ngeber-ngeberana barang sing wis tiwas utawa ilang. Wis kari ketemu sing apik ora ana barang sing ala sing manggon ing omah. Isi beras jaman mbiyen ukurane zakat, nek saiki saikhlasane.” (Pak Sholeh, 18 Pebruari 2015)

Adhedhasar andharan kasebut, bisa dimangerteni yen beras kanggo sandhingan nduweni makna minangka pralambang utawa pratandha panyucian (suci) lan nolak bebaya sing ana ing sakiwa-tengene omah.

#### (7) Bubur / Jenang Sengkala

Jenang Sengkala nduweni makna yaiku nulak sakabehe sengkala utawa tulak balak, amarga bebaya iku ora mung saka alam manungsa. Andharan kasebut cundhuk dening pamawase Pak Sholeh ing ngisor iki.

“Jenang sengkala nduweni arti kanggo mbuak kala kanggo sing nduwe kajat supaya olehe nduwe nggawe diparingi slamet lan lancar sampek bubar” (Pak Sholeh, 18 Pebruari 2015)



### (8) Omben

Omben yaiku wujud perapen kang digunakake kanggo mbakar utawa ngobong menyan kang ndhuwure diwenehi areng lan geni. Bab iku kaya andharan Pak Kastim iki.

“Omben ing kene dudu omben kanggo paragane nanging kanggo jepaplok. diibaratna kaya dene manungsa tenanan mbak, ya ana omben lan mangane. Nek mangane biyasae klapa ambek gedhang” (Pak Kastim, 14 Pebruari 2015 )

Ing wiwitan, jepaplok diombeni menyan. Cara ngombene yaiku jepaplok dikutuki beluke kemenyan. Mangane jepaplok yaiku klapa karo gedhang.

### (9) Tumpeng

Tumpengan iki dumadi saka sega kang diwadahi ing ndhuwur tampah kang diwangun kaya gunung disajekake karo panggangan pitik wutuh. Jinis tumpeng kaya ngono kuwi diarani tumpeng kendhit. Tumpeng kendhit yaiku jinis tumpeng kanggo keslametan supaya adoh saka roh jahat

“Tumpeng dimaknani tumuju ing lempeng marang Gusti Allah. Ndunga anteng, meneng, jejeg, methentheng. Kanggo jidor Sentulan iki tumpeng iki ora ana makna sing khusus. Mung kanggo mujudake rasa syukur ning Gusti Allah amarga bocahe wis gelem disunat lan wujud rasa syukur wis diwenehi rejeki nganti bisa nanggap KJS iki..” (Pak Sholeh, 18 Pebruari 2015)

Adhedhasar wawanrembug Pak Sholeh kasebut, bisa dimangerteni yen tumpeng sajrone KJS nduweni makna kang mligi. Tumpeng diwenehi kangkung, kacang rambat, lanambah didhang dadi siji.

### (10) Cok Bakal

“Cok bakal” dumadi saka rong tembung. Tegese tembung cok iku siji, saengga bisa ditegesi cok bakal iki dadi siji bakale. Bab kasebut cundhuk karo andharane Pak Sholeh.

“Nek Cok bakal ing jidor Sentulan iki kanggo tolak balak kanggo sing nduwe kajat, pemaine, karo lingkungane supaya kajatane ora kena gangguwan saka njaba lan njero. Cok iku siji. bakal ya bakal mula cok bakal iku dadi siji bakale. (Pak Sholeh, 18 Pebruari 2015).

Adhedhasar andharan kasebut, Cok bakal uga nduweni teges minangka tolak bala. Tolak bala, yaiku nolak sakabehe gangguwan kang kira-kira bisa kedadeyan nalika pementasan KJS.

### (11) Menyan

Menyan kalebu salah sawijine ubarampe sing sakral. Menyan diseleh ing perapen diwenehi areng lan diobong. Keluk utawa beluk saka menyan kasebut bisa dadi lantaran nyeluk dhanyang.

“Menyan kanggo nyeluk dhanyang mbak. Ambek kanggo ngendalekna nek paragane kesurupan” (Bapak Kastim, 14 Pebruari 2015)

Adhedhasar wawanrembug kasebut, bisa dimangerteni yen menyan sajrone KJS ora bisa ditinggalake, amarga menyan nduweni tujuwan kanggo ngendalekake paraga kang wis kesurupan. Kesurupane paraga ing KJS kasebut lumantar pecut.

### (12) Pecut

Pecut yaiku salah sawijine ubarampe KJS. Pecut minangka sarana ngobati paraga KJS kang lagi kesurupan. Bab pecut iki uga kaandharake dening Pak Sholeh ing ngisor iki.

“ Pecut iku sarana kanggo nambani yen kesurupan. Sadurunge mulai pecut didongani sek ambek Pak atim. Pecute diambon-amboni keluke menyan” (Pak Sholeh, 18 Pebruari 2015)

Adhedhasar andharan kasebut, bisa dimangerteni yen pecut iku wigati sajrone pagelaran KJS. Pecut digunakake kanggo nambani paraga kang kesurupan. Yen wis kesurupan pecut digunakake dening pawang kanggo nambani.

### (13) Kendhi

Kendhi yaiku wadah banyu kang nduweni wujud kayadene teko, nanging digawe saka lempung.

“Kendhi iku wadah banyu putih. Banyu putih nek diwadhai kendhi iku dadi adhem kaya banyu kulkas” (Pak Kastim, 14 Pebruari 2015)

Adhedhasar andharan kasebut, bisa dimangerteni yen KJS nggunakake kendhi kanggo ubarampene. Kendhi iki digunakake nalika sabubare tumpengan.

### Piranti sajrone Adicara KJS Jepaplok

Dumadine tembung jepaplok yaiku saka tembung *njeplak* kang munine *plok*.Sarat dadi paraga jepaplok kudu nduweni tenaga kang kuwat. Kuwat ing kene tegese, yaiku kuwat anggane ngangkat ndhase jepaplok, amarga ndhas jepaplok abote watara 5-10 Kg.

### Penthul lan Tembem

Penthul lan Tembem yaiku wong kang penggaweyane angon utawa biyasane diarani pangon. Dijenengake utawa diarani “pentul” amarga wong kasebut irunge gedhe lan bunder, dene diarani “Tembem” amarga wonge pipine gedhe.

### Prawiroguna

Prawiroguna yaiku saka tembung “prawiro” tegese prajurit, dene “guna” tegese luwih utawa miguna. prawiroguna yaiku minangka wong kang dadi dhukun utawa wong pinter. Mbah Prawiroguna iki uga kang njenengna jepaplok dadi Kumbang Semendhung.

### Gendruwon

Gendruwon yaiku paraga tambahan ing KJS. Peran gendruwon ing kene yaiku medeni sing ndeleng, mligine bocah-bocah cilik. Para seniman jidor Sentulan nganakake gendruwon iki supaya KJS katon regeng, amarga jaman mbiyen paraga utamane mung jepaplok, Pentul, Tembem lan Prawiroguna.

## **Kethek**

Kethek iku kewan alas. Para seniman KJS menehi owah-owahan paraga kethek amarga kethek kasebut kewan saka alas. Saliyane iku gampang anggane nggawe busanane mung nganggo kain ireng lan topeng kethek. Owah-owahan paraga kethek kira-kira ana sekitar taun 1900an. Para seniman KJS menehi owah-owahan kethek supaya luwih regeng.

## **Macan**

Macan yaiku salah sawijine kewan alas. Macan uga paraga tambahan sajrone KJS. Macan ing jidor Sentulan iki ora kalebu crita dadi, yen ing arak-arakan macan iki perane mung nguberi lan medeni bocah-bocah cilik sing lagi ndeleng arak-arakan jidor Sentulan.

## **Banthengan**

Banthengan yaiku wujud padha kaya banthengan satemene. Banthengan digawe saka kayu sing wutuh lan dibentuk kaya dene kewan banthengan. Banthengan metune ing pagelaran sawise arak-arakan, yaiku ing papan panggonan kang nduwe kajat.

## **Instrumen sajrone KJS**

### **Jidor**

Jidor yaiku piranti musik kang digunakake sajrone KJS. Jidor kalebu piranti musik kesenian tradhisional. Jidor ing kene minangka piranti kang utama. Tujuwan KJS nggunakake piranti musik terbang lan jidor kanggo ngIslamake masyarakat Sentulan.

### **Terbang**

Terbang yaiku piranti musik tradhisional kang wis asring dikenal masyarakat. Terbang yaiku diciptakake saka kayu kang wujud bunder. Banjur dhuwure diwenehi kulit.

“Tujuwan nggawe alat jidor, terbang ambek kendhang iku kanggo ngIslamna masyarakat. (Pak Kastim, 30 Januari 2015)

Saka andharan kasebut, bisa dimangerteni yen terbang uga minangka piranti kang utama sajrone KJS. Terbang minangka titikan piranti musik Islam. Tujuwan nggunakake piranti musik terbang yaiku kanggo ngIslamake warga.

### **Kendhang**

Kendhang yaiku piranti musik kang diciptakake saka kulit kewan mligine sapi lan wedhus. Kendhang wujud bunder ing sisih kiwa lan tengen diwenehi lulang.

“Jinis kendhang sing digawe biyasane kendhang ciblon utawa batangan. Iringan utamane kesenian iki mung ana 3 yaiku jidor, terbang ambek kendhang” (Pak Suhartono, 6 Maret 2015)

Adhedhasar andharan kasebut, bisa dimangerteni yen kendhang kalebu piranti musik utama amarga tanpa anane kendhang, jidor Sentulan iki ora jangkep.

## **Paes lan Busana KJS**

Tata busana minangka sarana panyengkuyung kang nduweni gegayutan karo asile sawijine pagelaran

kesenian kasebut. Busana nduweni piguna kanggo njlentrehake karakter saben paraga. Wiwit taun 1977 lagi ana busana kang mligi, nanging tetep prasaja amarga ora ana biaya. Kanthi pangrembakane jaman lan anane panemu para seniman, saengga ndadekake busana paraga jidor ing jaman saiki saya jangkep lan variasi.

## **Struktur Sadurunge Pagelaran lan Pagelaran KJS**

### **Struktur Sadurunge Pagelaran KJS**

Struktur sadurunge pagelaran KJS yaiku urutan kang ditindakake sadurunge pagelaran. Biyasane digelar ing omahe sadulure kang nduwe kajat. Udakara 5Km saka omahe kang nduwe kajat. Struktur sadurunge pagelaran KJS bakal diandharake ing ngisor iki.

- 1) Pagelaran KJS Kawiwitan kanthi Sholawatan
- 2) Pentul lan Tembem Metu ing Plataran
- 3) Kethek Metu ing Plataran
- 4) Macan, Jepaplok, Prawiroguna lan Gendruwon Metu ing Plataran
- 5) Arak-arakan
- 6) KJS Teka ing Omah kang Nduwe Kajat

### **Struktur Pagelaran**

- 1) KJS Mlebu ing Papan Pagelaran
- 2) Pentul lan Tembem Mlebu ing Papan Pagelaran
- 3) Jepaplok Mlebu ing Papan Pagelaran
- 4) Jepaplok nari-nari ing Papan Pagelaran
- 5) Tembem Dicakot karo Jepaplok
- 6) Jepaplok disabet Pentul
- 7) Pentul Budhal ing Omahe Dhukun
- 8) Pentul lan Prawiroguna Teka
- 9) Paraga Kewan Tambahan Mlebu ing Papan Pagelaran
- 10) Paraga KJS Kesurupan
- 11) KJS Metu ing Area Pagelaran

## **Piguna Kesenian Jidor Sentulan**

### **Minangka Sistem proyeksi**

Sistem proyeksi minangka sawijine piguna kang diandharake dening Bascom (sajrone Danandjaja, 1986:19). Piguna kasebut ngandhut teges sarana patuladhan utawa kaca benggala kanggo masyarakat kang wis nindakake kesenian kasebut. Sajrone piguna kasebut bisa diandharake yen sawijine kesenian mujudake kekeparan kang luhur saka masyarakat panyengkuyunge. Kekeparan kasebut minangka olah pikire manungsa kanggo njangkepi sakabehe pepenginan ing bebrayan. Mula saka iku, anane KJS iki uga digayutake rasa pangrasane masyarakat sajrone urip ing bebrayan.

### **Sarana Pendhidhikan**

KJS nduweni nilai budaya, nilai religi lan sosial kang dianakake panggulawentah kanggo para masyarakat mligine generasi mudha. Nilai-nilai kasebut ngandhut unsur pendhidhikan, supaya para masyarakat mligine generasi mudha mangerteni apa wae kang ana sajrone KJS.

- 1) Nilai Budaya

Nilai budaya wis dadi perangane saka masyarakat. Nilai kasebut bisa dijupuk saka pakulinan masyarakat Desa Bongkot, Dusun Sentulan. Pakulinan kasebut mujudake budaya adat kang kudu tansah diuri-uri sajrone masyarakat. Mula saka iku, budaya kasebut bisa dadi sawijine kawruh ing babagan kabudayan kang kudu rembakakake.

#### 2) Nilai Religi

Nilai religi sajrone KJS bida dideleng saka saperangan struktur pagelaran adicara kang mujudake gegayutan antarane manungsa lan Gusti. Ing Sawijine struktur pagelaran kasebut uga mujudake cara medharake rasa syukur uga pangarep-arep marang Gusti kang Murbeng Dumadi supaya tansah piningan karaharjan lan kabegjan tumrap sakabehe masyarakat Desa Bongkot, Dusun Sentulan. Mula saka iku, sadurunge pagelaran diwiwiti anggota KJS lan kang nduwe kajat mesti nganakake tumpengan minangka wujud rasa syukur marang Gusti kang Kuwasa. Bab kasebut ditindakake, amarga ngandhut nilai religi kang gedhe.

#### 3) Nilai Sosial

Manungsa kalebu mahkluk sosial kang ora bisa urip dhewe ing donya. Manungsa tansah mbutuhake pitulungan wong liya. Salah sawijine nilai sosial kang ana ing KJS, yaiku nindakake gotong-royong ing antara anggota KJS.

#### 4) Nilai Sejarah

Sejarah ing kesenian kasebut kawangun adhedhasar mula bukane kesenian iki kang dadi tonggak sejarah mlebu agama Islam ing Dusun Sentulan. Mula saka iku, babagan sejarah bisa dadi bahan piwulangan tumrap generai mudha supaya tansah mikul dhuwur kahanan kesenian tradhisional kang ana ing desane kasebut.

### ***Sarana pangesahan Pranata-Pranata lan Lembaga-Lembaga Kabudayan***

Sarana pangesahan pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan kalebu wujud piguna ing KJS. Pranata-pranata ing kene nata kahanan urip sajrone masyarakat. Kabeh pranata kasebut wis dadi perangan kang ora bisa dipisahake karo uripe masyarakat kang ngugemi. Mula saka iku, kesenian kang wis suwe urip iki, mesthi nduweni paugeran kang wis ana ing kahanan urip bebrayan.

Saliyane piguna kang diandharake Bascom kasebut, KJS uga nduweni piguna kang tuwuh ing sakiwa tengene masyarakat. Andharan luwih cethane bisa dideleng ing ngisor iki.

### ***Minangka Sarana Dhakwah Agama Islam***

Kabutuhan rohani kang gegayutan karo kapitayan lan upacara dadi panyengkuyung utama kariptane KJS. Kesenian iki karipta minangka sarana dakwah Islamiyah pagelaran supaya dhakwah kang diwenehake utawa disampekake bisa katrima lan kalaksanakake dening masyarakat.

### ***Minangka Sarana Upacara Adat***

Saliyane kanggo upacara manten, piguna KJS iki kanggo upacara adat bersih desa. Masyarakat Sentulan mesti nindakake upacara bersih desa kanggo nyuwun kaslametan marang Gusti kang Maha Kuwasa. Tujuwane supaya masyarakat Sentulan bisa urip tentrem tanpa nemoni perkara. Bab kasebut kaya kang diandharake dening Pak Kastim ing ngisor iki.

“ Saben setaun pisan ning kene mesti ana bersih dhesa cilik-cilikan mbak, biyasane dina minggu soale akeh sing prei kerjane. Isuke gotong-royong ngesiki desa, terus wong-wong nggawe tumpeng saben omah, bar maghrib kundangan ning masjid. Masyarakat sentulan nduweni pangajab supaya desane adoh saka alangan apa wae, sing nyambt gawe ya diparingi lancar, nyuwun keslametan ning Gusti Allah” (Pak Kastim, 30 Januari 2015)

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, bisa dimangerteni yen piguna KJS saliyan kanggo dakwah Islam uga kanggo upacara adat. KJS uga ditampilake ing adicara sunatan kang arupa bacutane saka rerangken prastawa kang ditindakake dening bocah lanang kang tumuju dewasa.

### ***Owah-owahan sajrone KJS***

#### ***Bedane KJS Jaman Biyen lan Saiki***

##### ***Ubarampe***

Pambedane ubarampe jaman mbiyen lan saiki kudu luwih dimangerteni. Jaman mbiyen nalika pagelaran KJS, masyarakat nggunakake ubarampe isih jangkep. Bab kasebut ora liya, amarga kapitayan kang dienu dening masyarakat iku diugemi banget supaya oleh keslametan lan ucap syukur marang Gusti Kang Maha Agung.

##### ***Tata busana***

Tata busana sajrone KJS ing jaman mbiyen lan saiki tamtune wis owah. Owah-owahane kairing lumakune jaman kang saya ngrembaka. Kabeh kuwi amarga dipangaribawani jaman kang saya modern. Saka lumakune jaman iki ora ndadekake masyarakat lali marang kesenian tradhisional kang wis diduweni.

##### ***Piranti Musik utawa Instrumen***

Piranti utama kang digunakake sajrone KJS mung nggunakake telung piranti, ing antarane yaiku jidor lan terbang kang cacahé 1, terbang 3. Tansaya suwe kesenian iki saya ngrembaka, mula para seniman jidor Sentulan nduweni panemu saperlu ngowahi piranti kang digunakake ing pagelaran kesenian kasebut.

Owah-owahan piranti musik, ing antarane yaiku gamelan (slenthem 1, demung 1, saron 2, peking 1), lan terbang kang cacahé saya akeh bisa uga nganti massal. Piranti musik kang paling nduweni piguna yaiku jidor. Kuwi amarga mesthi digunakake kanggo ngiringi gerak paraga jidor Sentulan. Wiwit taun 2000 nganti tumekane saiki ana owah-owahan iringan jidor Sentulan. Saiki ana lagu campursari lan lagu dolanan kang dilagokake dening sinden.

## Piguna

Salaras karo pangrembakane jaman, KJS iki ana owah gingsire budaya mligine yaiku tumrap piguna kesenian kasebut. Ing jaman saiki piguna KJS, ing antarane yaiku :

- (1) Minangka Ngugemi Nadzar
- (2) Minangka Sarana Panglipur

## Faktor-Faktor kang Njalari Owah Gingsire KJS

### Faktor internal

Faktor internal dumadi saka KJS dhewe. Sajrone KJS bisa kawawas saka owahe wadhah lawuh tumpengan kang nalika jaman semono nganggo godhong gedhang, nanging saiki nganggo samir saka kertas. Samir iku bisa dituku ana ing toko-toko. Masyarakat milih nganggo samir kanggo wadhah lawuh amarga ora ruwet. Bab kasebut cundhuk karo kang diandharake dening Bu Kastik.

“Perubahane akeh mbak, upamane kanggo tumpengan nek jaman mbiyen kanggo wadhah lawuh nganggo samir saka godhong gedhang. Nek saiki samir saka kertas. Tuku ning toko-toko akeh wisan mbak. Regane ya murah paling sak lusin rong ewu. Oh,,ana maneh mbak. Gedhang sing kanggo sandhingan biyen mesti gedhang raja, saiki gedhang apa wae bisa, tapi biyasane gedhang saba.”( Bu Kastik, 14 Pebruari 2015)

Adhedhasar andharan kasebut, bisa dimangerteni yen saliyan samir, sajrone pagelaran KJS uga ana owah-owahan bab gedhang. Ing jaman semono yen pagelaran kudu nyiapake gedhang raja kanggo isine sandhingan, nanging saiki ora kudu gedhang raja. Yen ora ana gedhang raja bisa nggunakake gedhang saba.

### Faktor Eksternal

Faktor eksternal dumadi saka difusi, akulturasi, lan asimilasi. Ing KJS mujudake proses difusi. Proses difusi kang ana sajrone KJS bisa dideleng saka wujud anane maneka warna kagiyatan-kagiyatan gedhen ing kabupaten Jombang. Kagiyatan kasebut ana ing saben wulan Agustus, yaiku pengetan dina Kamardikan. Kagiyatan-kagiyatan kasebut kaya dene Festival Kesenian Tradhisional se-Jatim, Festival Ludruk, Festival Jaranan, lsp.

### Pamawas Masyarakat Tumrap KJS

Masyarakat ing dhaerah Kecamatan Peterongan, Kabupaten Jombang wis ora gumun maneh tumrap anane KJS. Dheweke ngrasa bombong. Bab iki kabukten saben ana pamentasan jidor Sentulan sing ndeleng wiwit bocah cilik nganti tuwa. Kabeh mono padha pengin weruh wiwit arak-arakan nganti pagelarane. Bab kasebut kaya pamawas ing ngisor iki.

“ Jidor Sentulan iki apik banget neng, beda karo kesenian-kesenian liyane. Aku yen ana arak-arakan jidor warungku tak tutup mbak, aku ndelok ambek anakku. Bojoku yo melu anggotae mbak, sing bageyan nuthuk jidor” (Bu Kastik, 14 Pebruari 2015)

Saka pethikan wawanrembug ing ndhuwur, bisa dideleng yen KJS dadi kesenian kang bisa ndadekake masyarakat Sentulan bombong lan masyarakat ngrasa nduweni KJS kasebut.

## PANUTUP

### Dudutan

Saka asile panliten owah gingsire budaya sajrone kesenian jidor sentulan bisa didudut patang perangan, Kapisan, mula bukane KJS kang kawiwitan jalaran anane perang udakara taun 1928 dening Walanda ing jaman Diponegoro ing tlatah Demak. Para masyarakat ngungsi ing tlatah wetan, yaiku ing Dhusun Sentulan lan manggon ing kana. Masyarakat Demak akeh kang ngenut agaman Islam, dene masyarakat sentulan ngugemi kapitayan. Mula saka iku, wis sapatute yen masyarakat Demak kuwi syiar agama Islam. Rumangsa upayane oleh asil, banjur sawijine Kyai saka Demak menahi taren marang masyarakat desa. Taren kasebut isine sapa kang gelem ngenut agama Islam, mengko ing adicara manten utawa sunatane bakal diarak nganggo KJS. Nganti saiki KJS wis akeh ngalami owah-owahan mligine tata busana lan cacah paragane.

Kaloro, wujud pagelaran KJS padha kaya wujud tarian rakyat ing samesthine yaiku nduweni solah bawa kang spontan lan ora ana pakeme. Pagelaran KJS biyasane ing papan tinarbuka lan dipentasake ing wayah awan udakara tabuh 14.00 – 16.00 WIB, nanging uga bisa owah sewayah-wayah miturut wektu lan kabutuhane.

Katelu, sejatine seni pagelaran tradhisional kang katon kuno lan ora *modern* malah akeh nduweni piguna utawa manfaat sarta patut dadi tuladha sajrone urip bebrayan. Piguna saka KJS ing antarane, yaiku minangka sarana dakwah agama Islam, sarana upacara adat, sarana ngugemi nadzar lan sarana panglipur.

Kapapat, owah-owahan kang ana ing KJS yaiku tata busana, iringan, paraga lan piguna KJS kasebut. Sejatine meh kabeh ana owah-owahan, nanging ora lumaku kairing wektu.

Kanthi kaya mangkono, KJS minangka sawijine kesenian tradhisional kang nduwe potensi bisa nyengkuyung sektor pariwisata. Senajan mung sithik pihak kang nyengkuyung, nanging miturut panliten kabeh mau minangka bageyan saka proses tahapane supaya KJS bisa luwih menahi sumbangan ing babagan sektor pariwisata.

### Pamrayoga

Anane seni pagelaran tradhisional ing KJS kanthi ora langsung wis nduwe panyengkuyung kanggo nglestarekake kabudayan bangsa, mula saka iku panliti nduweni pamrayoga ing antarane yaiku :

- 1) Pamarintah lan instansi bisa bebarengan menahi wadhah mligi kang nampung seni tradhisional ing dhaerah Jombang lan luwih mligine KJS bisa dikenal dening masyarakat dhewe lan masyarakat liyane.
- 2) Perlune digagas lan direalisasiake budaya dhaerah Jombang supaya ora muspra tanpa anane panulisan,pendokumentasian, upaya

- pangrembakan lan palestarian kesenian tradhisional.
- 3) Nyaranake tumrap pihak PARBUPORA amrih bisa nganakake kagiyatan utawa agendha pagelaran kesenian ing papan-papan pariwisata, saengga eksistensi saka kesenian-kesenian ing dhaerah Jombang mligine KJS bisa ngrembaka.
  - 4) Nganakake pambinaan tumrap KJS dening seniman jidor sentulan, saengga bisa ningkatake kualitas saka wektu ing wektu tanpa ninggalake pakem KJS.

## KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta : Rineka Cipta
- Bakker SJ, JWM. 1990. *Filsafat Kebudayaan Sebuah Pengantar*. Jakarta:Kanisius
- Danandjaja, James. 1986. *Folklor Indonesi (Ilmu Gosip, Dongeng dan lain-lain)*  
Jakarta:Pustaka Utama Grafiti.
- Handyaningrum, Warih. 1995. *Sejarah Seni Tari*. University Press. IKIP Surabaya.
- Herawati, Nanik. 2009. *Kesenian Tradhisional Jawa*. Klaten: PT SAKA MITRA KOMPETENSI.
- Herusatoto, Budiono. 1984. *Simbolisme Jawa*. Yogyakarta:Penerbit Ombak.
- Humardani, S.D. 1982. *Kumpulan Kertas Tentang Kesenian*. Surakarta: Proyek Pengembangan IKI.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara Yang Terlupakan. Pengantar Studi Sastra Lisan*. Malang: Hiski Jawa Timur.
- Ihromi, T.O. 1994. *Pokok-Pokok Antropologi Budaya*. Jakarta:Yayasan Obor Indonesia.
- Kaplan dan Menners. 2001. *Teori Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Kayam, Umar. 1981. *Seni, Tradisi, Masyarakat*. Jakarta:PT Sinar Harapan.
- Koentjaraningrat. 1987. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta : Balai Pustaka.
- \_\_\_\_\_.1987.*Pengantar Hukum Adat Kebudayaan Mentalis dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia.
- \_\_\_\_\_.1990. *Masyarakat Jawa*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Kusumohamidjojo, Budiono. 2009. *Filsafat Kebudayaan, Proses Realisasi Manusia*.Yogyakarta : Jalasutra.
- Maran, Rafael Raga. 2005. *Manusia dan Kebudayaan dalam Perspektif Ilmu Budaya Dasar*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Moleong, Lexy.2011. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Poerwadarminta.1976. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta:Balai Pustaka
- Poerwadarminta. 1939. *Baoesastra Djawa*. Yogyakarta.
- Pranowo, Sudaryanto. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta.
- Sedyawati, Edi. 1981. *Pertumbuhan Seni Pertunjukan*. Jakarta: Sinar Harapan
- Soedarsana. 2002. *Seni Pertunjukan Indonesia di Era Globalisasi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Soekanto, Soerjono. 1984. *Teori Sosiologi Tentang Perubahan Sosial*. Jakarta: Ghalia Indonesia.
- Soemarjan, Selo. 1980. *Masyarakat Kebudayaan*. Jakarta : Djambatan
- Sudikan, Setya Yuwana. 2014. *Metode Penelitian Sastra Lisan*. Lamongan: CV. Pustaka Ilalang Group.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Citra Wacana.

Sugiyono. 2008. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif, dan R & D*. Bandung : Alfabeta.

Sukarman. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa*. Surabaya: Unesa Uniperss.

Wahyu, Ramdani. 2008. *Ilmu Budaya Dasar*. Bandung: Pustaka Setia.

